

**АХМАТУКАЕВ АДАМ**

***

Хьуна а лиъна… Ма лиънера и –

ВогӀучу хьешана хьуо дуьхьалвала;

Хьомсара лелорна-м хӀун дендарий,

Хьаьстина, воьдуш а – хьуо тӀаьхьавала,

Ков-бертехь жимхана дӀа а луш хьаша…

Ца хили.

Сахили,

ойла хьан и

Ца туьгуш – Iиндагlал – тIаьхьараяла.

Юьртара гIиллакх ца девзачу гIалахь,

Тхов – хьан-хьайн,

ков а – хьайн

доцучу гIалахь

Мила – хьох кхета ву, гIайгIанах – ва́ша?

Юьртара хьаша бен, мила хьан – кхин?

***

Хи хьадахь, кхоъмаза хьон дай

ДӀо бердайистера цӀа.

Дуьхьало езара онда,

Бердана чӀагӀо луш, ян.

Цул а ма хиндарий хилла

ГӀолеххьий, шен хеннахьий,

Хих и цӀа лардина хиллехь –

Татолах хилале хи.

Да хиллехь – хоржучохь меттиг,

Ваша а – цӀа дугӀучохь…

Го чӀагӀбан болийнехь хӀеттехь –

Лулахо хьан-хьайннигчохь.

***

Денда хила ца витина денда,

КIант кхио я да а витна вац.

Кхеташ вац со, хIай дуьне, хьан Iедалх:

ХIунда – убар санна, цIийх ца Iебаш?

ХIунда – юьхь-са доцуш, – пхьа дIахьебан?

Маца дуьйна ду хьо, дуьне, харц?

***

Наггахь сан некъана хIилла го:

Бахьна дой заманаш кхолархь,

Талхадой, даздо сан болар,

Хеназа хадо и – зил а до.

«Къарбели!» – некъах сан хеттачохь,

Къармаза тухий цо гола –

Да-нана даьхна цIа лаьттачу, –

Аттачу долу сан болар.

***

Кхин цхьа мерза туьйра

Хадош, йолу Iуьйре

Коран гурал чоьхьа.

Ирсе виса хьаглой,

БIаьргаш ас тIехьаббо,

Туьйра юхадоьхуш…

«Же, же, сихо елаш», –

Да ву, балдаш делош,

Со дIагичахьана.

Мангал тусуш, бешахь

Хиъна Iа и. Пеша

Гонах хьийза – нана.

Ба́жа бай тIе боккху

Етт дIаарабоккхий,

ЦIахь дуьту ас эса;

Дадин мангал баллалц,

Нанин чай схьадаллалц,

Хи а дуьллу хеса.

Хьоккхам, чай, тIоберам –

Чам а гIуьттуш тIера –

Охьадуьллий нанас,

Цхьаьна юу оха,

ТIаьхьа бехкаш дохург

Юххехь воцуш цхьа а.

Говр ас керта йоккху,

Дуьрста лаццал воккха

Суо а хилла дела.

Сийна буц ян деца

Со а гӀур ма веца,

Айсса архаш лелош.

Тхойшиъ цӀехьа кхаьчча,

Нанас хьешан баьрччехь,

Юх-юххе хаийна,

Кхобуш Йоккха деций,

Децел йоккха неций

Хир ю тхоьгахь – ший а.

Хазахетар хьаьдда,

Царна марахьаьдда,

Дохуьйтур ас ловцаш.

ТӀаккха хийла дезар

Дийр ду, уьш бан реза,

Де а хеташ доца.

Де-м дIайистте долу,

РегIан басе болий,

Маьлхан хIоз чукерчаш.

Бажа юьрта богIуш,

Даьхнийн цIераш йохуш,

Аьзнех юзу керташ.

ЗIакардаьхнийн «эскарш»,

Партал дIасакъесташ,

Баннаш чу дIахуьйшу.

Цхьана буьнан бертехь

Шина нӀаьно бертахь

Аьзнийн толам къуьйсу.

Хьена пхьор дан яй чохь

Бакъахь яра хье чу

Йоьлла и ши боргӀал…

Амма цхьамма (хьий-кха!)

ХӀоттийна хуьлний-кха,

Гур ва санна, горгал.

Куьг сан тӀецакхоче,

Пхьарс а дӀацакхоче

БогӀарна, и тоьлла,

Кхин а цхьана денна

Ирсана са денлой,

БӀаьргаш ас дӀадоьллу.

***

Марара даькккхина ненан,

Кхоьссича дестечун

кара…

Дахдан а ца оьшу хӀара –

Чов ца ян да волчу дена.

***

ДоттаггӀий, хин кортий

тоьшаллина лаьцна,

Вистхили йоIе со,

ойла йостуш эххар.

Малх а, кIайчу мархийн

кирхьи тIехьа лаьтташ,

Iехабелла, эвхье

хьийжи тхоьга бехха.

Нана, хьоме нана,

юкъарлонна хьовзий,

КIант кхиинчу дега

цкъа дIакъададехьа –

Сан даг чуьра мерза

арагӀерта ловзар

Вайн ков-керта дерзо

тарлур дарий-техьа?!

(Ца)мегарг,

я Атта байташ

Могуьйтуш дерг хьаькххина

Новкъара дӀадаькххина,

Мегаш дерг бен ца магош

Хилча – дара хьуна дош.

Дукха гина ма ду-кхий –

Цкъа могуьйтий, шозлагӀий…

Тардолуьйтий, тар а дой,

Вай-м цамеггарг магадой.

Цкъа магийна цамегарг

Наггахь хуьлу – кхин ма гарг.

Наггахь, иза марз а лой,

Далатохар а ма дой.

Вайна иштта мегар дац.

Мегаш дерг бен мегаш дац.

Эрна дехарш а ма де,

Ца магор вай меггарг бен.

Цамагаран – цамгар бен –

Кхин цIе яц.